2. Матчонов С., Шожалилов А., Ғуломова Х., Сариев Ш., Долимов З. Ўқиш китоби. *(Умумий ўрта таълим мактабларининг 4-синф учун дарслик)*. –Тошкент: “Шарқ”, 2017.
3. Бошланғич синф ўқувчиларининг матнни ўқиш ва тушуниш сифатини баҳолаш. Услубий қўлланма. –Астана: 2015.
4. www.bilim.kz

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада матнни ўқиш ва тушуниш сифатини PIRLS халқаро баҳолаш дастури асосида бошланғич синф ўқиш дарсларида жаҳон адабиёти намуналарини ўқитиш ҳолати ёритиб берилган. Жумладан, 4-синф «Ўқиш китобида»ги Ч.Айтматовнинг «Жимжилок» эртаги мазмунини ўқувчиларнинг ўзлаштириш даражасини аниқлаш мақсадида PIRLS дастури асосида тест топшириқлари намунаси келтирилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье описывается тематическое исследование образцов мировой литературы на уроках чтения в начальной школе, основанное на программе Международной оценки текстового чтения и понимания PIRLS. В частности, образец учебного задания по программе PIRLS был использован в учебнике четвертого класса для определения уровня понимания учениками сказки Ч.Айтматова «Жимжилок».

**SUMMARY**

This article describes a case study of samples of world literature in reading lessons in elementary school, based on the program for the International Assessment of Text Reading and Understanding PIRLS. In particular, a sample of the PIRLS study assignment was used in a fourth-grade textbook to determine the level of understanding by students of Ch.Aitmatov’s fairy tale “Zhimzhiloq”.

# «ШӘРИЯР» ДӘСТАНЫНДА БИЛИМЛЕНДИРИЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**Е.К.Алламбергенов –** *еркин излениўши*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** фольклор асари, били, мактаб, ўқиш, ўқув узлуксизлиги, компьютер технологияси, гавдалантириш, сирли, устоз, одобли, одобсиз, топишмоқ, билимдон.
**Ключевые слова:** фольклорное произведение, знание, школа, учёба, продолжительность учёбы, компьютерная технология, воображение, талисман, наставник, нравственный, безнравственный, загадка, знаток.
**Key words:** folklore work, knowledge, school, study, continuation of study, computer technology, imagination, talisman, tutor, voral, immoral, riddle, cognoscenti.

2019-жылдың 31-декабрь күни Өзбекстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң №1059 санлы арнаўлы карары менен “Үзликсиз руўхый тәрбия концепциясы” [2] қабылланды. Атап өтилген концепция Өзбекстан Республикасы Президентиниң "Руўхый-ағартыўшылық жумысларының нәтийжелилигин арттырыўдың қосымша илажлары ҳаққында" 2019-жыл 3-майдағы ПК-4307 санлы қарары [1] ның орынланыўын тәмийинлеў, сондай-ақ, жасларды өзбетинше турмысқа дүньяға көзқарасы кең, актив пуқаралар етип тәрбиялаў жумысларын буннан былай да жетилистириў мақсетинде қабылланған еди.

Усынылып атырған концепция мазмунында баслаўыш класларда оқыў жылларынан баслап-ақ оқыўшылардағы “билимлердиң кеңейиўи, тереңлесиўи, руўхый-әдеп-икрамлылық көнликпе ҳәм уқыплылықлардың раўажланыўына” [2] сондай-ақ “өз халқының дәстүрлерине, қәдриятларына қызығыўшылықтың пайда болыўына”да айрықша кеўил бөлинеди.

Жоқарыда атап өтилген “Үзликсиз руўхый тәрбия концепциясы” менен бирге 1997-жылы қабыл етилген “Қәнигелер таярлаўдың миллий бағдарламасы”н избе-из әмелге асырыў ислери халқымыздың өтмишине, оның миллий қәдириятларын сәўлелендириўши фольклорлық шығармаларға илимий-педагогикалық көз қарастан кеўил бөлиўди талап етеди. Себеби, фольклорлық материаллардың ишинен орын алған қарақалпақ халық дәстанлары жасларды ҳәмме ўақыт илимли, билимли болыўға, Ана-Ўатанды сүйиўге, жоқары әдеп-икрамлылыққа, кәсип-өнер сырларын тереӊ өзлестириўге, шақырып турады. Усындай фольклорлық шығармалардың бири-қарақалпақ халық дәстаны “Шәрияр” болып есапланады.

«Шәрияр» [4] дәстанының басқа дәстанлардан өзгешелиги-бунда илим-билим, кәсип-өнер сырларын үйрениў ислерине болған ықлас, қызығыўшылық ең баслы орында турады. Дәстанның бас қаҳарманы Шәрияр менен Әнжим кишкенелигинен баслап билимди ийелеўге қызығады. Олар өзлери белгилеген мақсетлерди иске асырыў жолында ушырасқан ҳәр қандай қәўип-қәтерлерди жеңип шығады, қыйыншылықларға шыдам береди.

“Педагогика фанидан изоҳли луғат”та “Билим объектив дүньяны билиў процесиниң әмелиятта тастыйықланған нәтийжеси. Объектив ўақыялықтың инсан санасында адекват түринде сәўлелениўи. Ол күнделик, илимий, эмпирик, теориялық билимлерге ажратылады” [3:71] деп көрсетиледи.

Дәстан материалларында көрсетилиўи бойынша Шаҳидарап патшаның ҳаялы Гүлшарадан туўылған, бирақ, душпанлардың араласыўы себебинен туўылған ўақтынан баслап-ақ ата-анасынан айрылған Шәрияр менен Әнжим көп қыйыншылықларды басынан кеширип, Шаҳидараптың елиндеги бийперзент Сасыўар байдың улы-қызы болып тәрбияланады. Балалар жети жасына шекем үйде тәрбияланады. Жети жасына шыққанда, Сасуар балаларды апарып мектепке береди.

Дәстанда баян етилген ўақыялар дәстан дөрелген ўақытлардағы мектеплерде мәжбүрий тәлим алыўдың жети жыл етип белгиленгенлигинен дерек береди. Себеби, дәстан мазмунында көрсетилиўинше, Шәрияр менен Әнжим мектепте жети жыл оқыйды. Бул аралықта Шәрияр Әнжимнен, Әнжим Шәриярдан бетер жақсырақ оқып билим алады.

Ҳақыйқатында да, педагогикалық-психологиялық жақтан ойлап қарасаңыз, ҳеш бир адам туўылған ўақтынан баслап сөйлемейди, күлмейди. Ҳеш бир адам туўылғанда, әдеплилик ямаса әдепсизлик, жақсы ямаса жаман нышанлары менен туўылмайды. Бирақ, баланы қоршаған дөгерегиндеги адамлар балаға қарап сөйлейди, балаға қарап күледи. Оларға әдепли-әдепли, жақсы сөзлердиң жәрдеминде тәлим ҳәм тәрбия береди. Нәтийжеде, балалар есейе келе сөйлейтуғын, күлетуғын, гәпке түсинетуғын, жақсы менен жаманның, әдепли менен әдепсиздиң парқын айыра алатуғын болады.

Бул процесс мектепке барған ўақытлары да даўам етеди. Мектепте тәлим бериўши устазлары, қандай бала әдепли, жақсы болатуғынлығын, қандай бала әдепсиз, жаман болатуғынлығын зинҳарлап түсиндиреди. Әдепли балалардың ата-ананың, устазларының сөзлерине қулақ асатуғынлығын, адам әдеплилердиң әдеплиси болыўы ушын мектепте берилетуғын билимлерди тереӊ өзлестириўи кереклигин, бәркулла өз минезқулқы ҳәм оқыўы бойынша өз қатарынан алда болыўға умтылыў дәркарлығын балаларға ҳәр күни уқтырып барады. Мине, усы нәсиятларды өзлеринде тереӊ өзлестирген «Әнжим Шәриярдан бетер, Шәрияр Әнжимнен бетер, еккиси оқып илимдар молла болды» [4:56]. Нәтийжеде, тек ғана Шәриярдың өзи оқыўын «Әлҳакумитаққасур апарып қақтырып» [4:56] қояды. Енеси ба-

ласының бундай дәрежеде ойынға емес, бийҳўда жүриске емес, ал оқыўға ықласлы болғанлығы себебли «көпирдиң ығынан ҳәм шуңқыррақ» [4:56] болғанлығын сезеди.

Мектепте алынған билим әмелде пайдаланылмаса, ол ҳақыйқый билимге айланбайды. «Шәрияр» дәстанында тек ғана Шәрияр менен Әнжим билим алыўға қызықсынып қоймайды. Ал, алынған билимлерди әмелде де қолланып биледи. Сонлықтан да, Шәрияр дәстан қаҳарманларынан саналған Қундызхан перийдиң берген жумбақларын ҳеш екиленбестен табыў шарапатына миясар болады.

Дәстан мазмунында билимлендириў мәселесиниң тек ғана Шәрияр менен Әнжимге емес, ал, басқа да ул ҳәм қызларға кишкенелигинен баслап берилетуғынлығы ҳаққындағы мағлыўматлар орын алады. Мәселен, мектепте оқыў жылларында берилген билимлерди өзлестирген Қундызхан перий Шәриярға шалғытыўшы жумбақларды айтқан ўақытларында, мектептеги алған билимине сүйенген ҳалда ис тутады. Нәтийжеде, астарлы мәнисте бултты – көктен жерге доланған деп, дәрўишти – қолын жайып тиленген деп, шейитти – қызыл қанға боялған деп, қара жерди – сүўрети бар, жаны жоқ деп, ант ишкен адамды – ақ жүзиниң қаны жоқ деп, жәбирайылды – қанатының пәри жоқ деп, ийманды – ишбей-жемей тойдырған деп, ҳадал мийнетти – ишпей-жемей тойдырған деп, сүтқорды – табанынан сойылған деп жумбақлы түрде сорайды [4:76-77].

Қундызхан перий өзиниң терең ийелеген билимине сүйенген ҳалда атасы Жулдызшаның кәраматлы жүзигиниң сырын әшкар етиў шарапатына да миясар болады. Жолда ақ мары болып қара мары менен урысып атырған Еменша жеңилейин деп турғанда, Әнжимниң жәрдеми менен жеңиске ериседи. Еркек кийимин кийген Әнжимге миннетдар болғанлығы соншелли, өз қызын Әнжимге береди. Еменшаның қызы да, Еменшаның өзи де жүдә билимли адамлар қатарынан орын алады. Мәселен, Еменша Әнжимди сынап көриў мақсетинде өз қызын тасқа айландырып Әнжимге береди ҳәм оны қайтадан өз қәддине келтириўди сорайды. Әнжим болса мектепте алған терең билимлерине сүйенген ҳалда қызды үш мәртебе тасқа айландырып, және үш мәртебе оны өз ҳалына келтиреди.

Әнжимниң билимлилигине кеўли толған Еменша «Балам, өз ҳалыңа жақсы екенсең,… Әгар, сен надурыс болсаң, сени оқытып, кәмалға келтирип жиберейин деп едим» [4:93] деген сөзди айтып, Әнжимниң алған теориялық билимлерине өзиниң қанаатланыўшылығын билдиреди.

Усы орында айрықша айтып кететуғын бир нәрсе, дәстан мазмунындағы билимлендириў мәселесине байланыслы көринислер оны дөретиўши халқымыздың, дәстанның дөрелген ўақытларынан баслап-ақ қыялында ҳәзирги заман компьтер технологиясын жаратыўға қызыққанлығынан дерек береди. Соның ушын да, дәстан материалларын бир тәреплеме алып қараған ўақтымызда қыялыйдай болып көринеди. Мәселен, Еменшаның өз қызын тасқа айландырыўы, Әнжимниң ол қызды қайтадан қәддине келтириўи, өзиниң усы технологиядан хабардарлығын аңлатыў ушын қызды және үш мәрте тасқа ҳәм үш мәрте адамға айландырып бериўи тиккелей ҳәзирги заман компьютер технологиясын ерксиз түрде көз алдымызға елеслетиўге тийкар болады.

Буннан басқа да Еменшаның Әнжимниң астына жолды өндириўи ушын дәўперини бериўи, жолда ушырасатуғын қыйыншылықларды ҳәм усы қыйыншылықлардан қалай қутылыўдың жолларын айтып бериўи, қызды тасқа айландырып кисесине салыўын ҳәм қайсы жерде қызды адам қәддине келтирип, оннан пайдаланыў имканиятларын түсиндириўи де, компьютер технологиясын жетик меңгериўине мүмкиншилик бергендей түйиледи. Себеби, Әнжимниң жолға шыққаннан соң түрли-түрли тилсимлерге қулақ аспай, қырман-қырман қызылға кеўил аўдармай, оның қасындағы сақалының барлығы алтыннан болған адамның айтқан сөзлерин еситпегенге алып, өзиниң билген дуўасын оқып бара бериўи нәтийжесинде шөлистандағы бир бөлек дағның үстинде уйықлап атырған Әспижаҳангирге жетиўи де ҳәзирги заман компьютериндеги ойынларды көз алдымызға келтиреди.

Әспижаҳангирдиң Әнжимниң ҳақыйқый ата-анасының ким екенлигин еслетиўи, дәўдиң аўзындағы жүзикти алыў ушын дәслеп қырғый болып ушыўы, дәўдиң жанына барғаннан кейин сонаға айланыў, жүзикти алып болған соң және қырғыйға айланыўы, дәўдиң болса аўзындағы жүзиктиң алып кетилгенлигин аңлап қалыўы ҳәм өзин қаршығаға айландырып, Әспижәҳәнгирдиң изинен қуўып кетиўи, әспижаҳангирдиң қаршығаның қырғыйды қуўғанда қоймайтуғынлығын сезип, өзин де қаршығаға айландырыўы, ал, дәў болса ўақытты өткерместен өзин лашынға айландырыўы, бирақ, лашын қаршығаның изинен жетемен дегенше жүзикти Әнжимниң қолына табыс етиўи ҳәм «жүзиктиң бәнтин бас» [4:96] деп өтиниш етиўи, жүзиктиң бәнти басылған ўақтында дәўдиң өлип қалыўы сыяқлы ўақыялар дизбеги балалардың компьютер технологиясын меңгериўге болған қызығыўшылықларын сөзсиз арттырады.

Әнжимниң буннан соңғы сапары даўамында перилер елине келип қулпы, гилти жоқ дарўазаға бир қысым топырақты атыўы менен дәрўазаның ашылыўы ҳәм қаланың ишинде бүлбилгөя малакуш пенен айтысып, оның үстинен жеңиске ерисиўи, ағасы Шәриярды ҳәм басқаларды «тас болып қалыў» ҳалатынан қутқарыўлары да компьютерлик билимлендириўди раўажландырыў сыяқлы тилсимли қубылысларды ашыўға халқымыздың айрықша дыққат аўдарғанлығынан, қызыққанлығынан, әрман еткенлигинен ҳәм ерте дәўирлерден-ақ илим-билимли, мәдениятлы ел болғанлығынан дерек береди.

Дәстанда перилер Шәриярдың берген тапсырмасына муўапық қаланың бир топырағын да түсирместен Шәриярдың елине көширип әкелиўи, Шәрьярдың анасын зинданнан қутқарылыўы, ўақтында бир дем салыў арқалы Әспижаҳангирдиң қуйрығының қырық гезге созылыўы ҳәм басқа да сүўретленген ўақыялар қыялый болса да билимлендириўдиң артықмашлығын, оның қүдирети күшли екенлигин, әлем сырларын ийелеўге мүмкиншилик жарататуғынлығын сездиреди.

Жуўмақлап айтқанда, «Шәрияр» дәстанындағы билимлендириў мәселелери бир тәрептен «билеги күшли бирди жығады, билими күшли мыңды жығады» деген халық нақылының дурыслығын дәлиллейди. Соның ушын да, дәстанда балаларға кишкенелигинен баслап тыянақлы ҳәм терең билим бериўге итибар қаратылады. Екинши тәрептен, дәстанда келтирилген барлық қыялый ўақыялардың сәўлелендириўи сол ўақытта билимлендириў системасында әрман болған компьютер технологиясының имканиятларын мүмкиншилиги болғаншелли ашып бериўге қаратылады ҳәм жасларды усы технологиядан бийхабар болмаўға шақырып турғандай сезиледи.

**Әдебиятлар**


1.Өзбекстан Республикасы Президентиниң "Руўхый-ағартыўшылық жумысларының нәтийжелилигин арттырыўдың қосымша иләжлары ҳаққында" 2019 жыл 3 майдағы ПК-4307-санлы қарары.

2.Өзбекстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2019-жылдың 31-декабрь күни №1059 санлы арнаўлы карары менен қабылланған “Үзликсиз руўхый тәрбия концепциясы.”

3.Хасанбоев Ж., Тўрақулов Х., Ҳайдаров М., Хасанбоева О., Усманов Н. Педагогика фанидан изоҳли луғат. - Т.: "Fan va texnologiya", 2009, 672-б.
4.Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. XIII том. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1984, 236-б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада «Шәрияр» достонида таълим болаларни неча ёшда мактабга бериш инсон ва жамият ҳаётида илм ва билимнинг тутган урни, укиш жараёнида компьютер технологиясидан фойдаланиш масалалари ёритилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются вопросы образования в эпосе "Шарияр" в каком возрасте лучше отвести детей в школу, место науки и знаний в жизни человека и общества, использование компьютерных технологий в учебном процессе.

**SUMMARY**

The article deals with issues of education in the epos «Shariyar» suitable age of giving children to school, duration of study, importance of science and knowledge in the life of a percon and society, using computer technologies in the study process.

## «ШӘРИЯР» ДӘСТАНЫНДА ҲУҚЫҚЫЙ ТӘЛИМ ҲӘМ ТӘРБИЯ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**Е.К.Алламбергенов –** *еркин излениўши*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** ҳуқуқ, ҳуқуқий талаблар, ҳуқуқий меъёр, ҳуқуқий онг, ҳуқуқий маданият, ҳуқуқий муносабатлар ҳуқуқий тарбия, никоҳ, ёлғон гувоҳнома, жазоголари, оқ илон, қора илон, шариат қоидалари.
**Ключевые слова:** право, правовые требования, правовая норма, правовое сознание, правовая культура, правовые отношения, правовое воспитание, брак, лжесвидетельство, меры наказания, змея с белой кожей, змея с чёрной кожей, законы шариата.
**Key words:** law, legal demands, law norm, law conscienceness, law culture, legal relations, legal education, marriage, false testimony, punishment measures, a white-skin snake, a black-skin snake, laws of sharyat.

Ҳәзирги заман педагогикасында да, жәмийет турмысында да ҳуқықый тәрбия ең актуаль мәселелердиң бирине айланған. Себеби, ҳуқықый-демократиялық пуқаралық жәмийетти қурыў ислери ҳуқық ҳәм оның тийкарларын билиў, барлық тараўларда нызам талапларын басшылыққа алыў мәселелерин өз ишине алады. Келешегимиз болған жаслардың ҳуқықый санасының қәлиплескенлиги, олардың ҳуқықый жақтан тәрбияланғанлығы ҳәм ҳуқықый мәдениятлылық дәрежеси мәмлекетимиздиң раўажланыўына унамлы тәсир көрсетеди.

Педагогикалық әдебиятларда ҳуқықый мәмлекет, ҳуқықый мәдений, ҳуқықый нормалар, ҳуқықый сана, ҳуқықый сананың дәрежеси ҳәм басқа да терминлер көплеп ушырасады. "Педагогика теориясы" сабақлығында көрсетилиўинше, "ҳуқық – бул мәмлекетлик басқарыў органларының нызам ҳәм қарарларында өзиниң сәўлелениўин табатуғын, инсанлардың ис-ҳәрекетлериниң норма ҳәм қағыйдаларының жыйнағы болып, белгили бир жәмийеттеги социаллық қатнасықларды басқарады ҳәм юридикалық күшке ийе болады, сондай-ақ мәмлекет тәрепинен орынланыўы да тәмийинленеди" [2:348**]**. Ал, "Педагогика фанидан изоҳли луғат"та көрсетилиўинше ҳуқықый тәрбия дегенимизде "...муғаллимниң ҳәр бир билим алыўшының ҳуқықый нормаларға (талапларға) болған жеке қатнасықларын, ҳуқықтың түрли тармақларын өзлестире алыў өзгешеликлерин есапқа алған ҳалда дослары, устазлары, ата-аналары ҳәм өспиримлер ҳуқықын қорғаў органлары ортасындағы ҳуқықый қатнасықларды саналы түрде қәлиплестириў хызмети" [3:616] түсиниледи.

Ҳуқық дегенимиздиң өзи болса, жәмийетлик сананың ески тарийхый формаларынан бири болып, ол инсаният жәмийетиниң пайда болыўы менен тиккелей байланыслы. Ал, ең ески дәўирлерди, сол ўақытлардағы адамлардың исенимин, пухталығын, бир сөзлилиги, ең баслысы - олардың өз ҳуқықларын жетик түсине билиўлерин қарақалпақ халық дәстаны "Шәрияр" да өзинде кеңнен сәўлелендиреди.

"Шәрияр" [1] дәстаны текстлериниң дәслепки бетлеринен баслап-ақ, оның ҳуқық тәрбиясына айрықша итибар бергенлигиниң гүўасы боламыз. Мәселен, Шахидарап патша жасының қырық беске келгенлигин, тоққыз ҳаял алғанлығын, бирақ я ул перзент, я қыз перзент көрмегенлигине налыныпы, "елдиң алды жатқан соң, от қызылы семген соң, алтын тахтан түседи, етек-жеңин кеседи" ҳәм қәлендер сыпатқа енип, көше аралап кетеди. Көше аралап баратырып бир отаўдың ишинен жылт-жылт етип жанып турған отты көреди. Отаўдың жанына барып қулақ түргенинде, отаўдағы үш қыздың да "егерде патша өзин алақойса, қандай өнерлер көрсете алыў уқыплылығына ийе екендигин" еситип сарайына қайтып келеди [1:13].

Патшаның өзи мәмлекеттеги ҳуқық нызамларын ҳәм тәмийинлеўши ҳәм орынлаўшы саналады. Сонлықтан да, патша сарайына келгеннен кейин усы үш қызға үйлениўдиң нызамға сәйкес келетуғын жолларын излестиреди. Халық раўиятларын, нақыл-мақаллардағы ҳуқықый нормаларды да басшылыққа алады. Бирақ, "үшеўи бир адамның қызы болса, апалы-сиңлиге неке түспейди" [1:15] деген нақылды басшылыққа алғанды мақул көреди. Себеби, усы нақылдағы халықлық ҳуқықый көзқарасқа тийкарланып, өз патшалығында қабылланған, өзи тастыйықлаған Нызам сол ўақытта өз күшинде турады. Сонлықтан, Томан ўәзир арқалы сорастырып көргенинде, қызлардың үшеўиниң үш адамның қызы екенлигин билип алыў шарапатына миясар болады. Нәтийжеде, нызамға қарсы ис тутылмайтуғынлығын сезгенликтен Томан ўәзирди қызлардың аталарына "елшиликке" жибереди.

Томан ўәзир де нызам талапларын ҳәм рәўиятларды жетик билген адам. Сонлықтан да, ол қызлардың аталары менен сөйлескен ўақытларында, нызамға муўапық "Арада жүрген елшиге" [1:17] өлимниң жоқ екенлигин еслетеди.

Дәстанда адамға жаза шараларын қолланыў ўақытларында да гүўалардың сөзлериниң, берген көрсетпелериниң инабатқа алынатуғынлығы, егер де, жалған гүўалық берсе оның жуўабының ол дүньяда берилетуғыны, "айыплы" деп табылған адамның "ҳақ қаны" [1:33] жалған көрсетпе берген гүўанын мойнына жүкленетуғынлығы еслетип өтиледи. Бирақ, "алтын көрсе периште жолдан шығады" [1:33] дегендей, гүўалар бир бийшараның ҳақ қанын мойнына алыўдан қорықпайды. Жалған гүўалық береди.

Биз оқыўшыларды Шәрияр дәстанындағы ҳуқық тәрбиясы мәселелери менен таныстырған ўақытларымызда, дәстандағы унамлы ҳәм унамсыз образларды салыстырмалы түрде түсиндирип, нызамға қарсы ис тутыўдың ақыбетиниң жаман болатуғынлығын еслетип қойыўымыз ҳәм оқыўшыларда дәстандағы жалған гүўалық берген адамларға болған жек көриўшилик сезимлерин оята билиўимиз керек болады. Бундай ис-ҳәрекетлеримиз арқалы биз оқыўшылардағы нызам талапларына дурыс қатнас жасаў ҳаққындағы пикирлерин раўажландырыўға себепши боламыз.

Дәстан мазмунында шәрият нызамларына тийкарла-